# शिव भोला ना जागे जगाय हारी

शिव भोला ना जागे जगाय हारी,
शिव भोला ना जागे जगाय हारी॥

ब्रह्मा जगावे शिव के विष्णु जगावे,
कामदेव जगावे धनुष मारी,
शिव भोला ना जागे जगाय हारी॥

गंगा जगावे शिव के यमुना जगावे,
सरयु जगावे लहर मारी,
शिव भोला ना जागे जगाय हारी॥

कार्तिक जगावे शिव के गणपति जगावे,
नंदी जगावे हुंकार मारी,
शिव भोला ना जागे जगाय हारी॥

चंदा जगावे शिव के सूरज जगावे,
तारें जगावे चमक मारी,
शिव भोला ना जागे जगाय हारी॥

सासु जगावे शिव के सरहज जगावे,
गौरा जगावे अपन नारी,
शिव भोला ना जागे जगाय हारी॥

Shweta Pandey (Varanasi)
"मधुर भजन बेला"

https://bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/26249/title/Shiv-Bhola-na-jage-jagaye-haari

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |